

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung métode panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.


3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalayan metodé déskriptif. Panalungtikan nu rék didéskripsikeun ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif nyaéta ngeunaan prinsip gawé bareng jeung sipat omongan anu aya dina kumpula carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna.

Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 8) pamarekan kualitatif nya éta pamarekan anu patali jeung data, anu mangrupa vérbal-vérbal anu ngawujud paguneman atawa omongan dina buku. Data anu dihasilkeun nyaéta kecap lisan atawa tulisan ngeunaan sipat, individu, kaayaan. Ari metodé déskriptif mangrupa hiji pamarekan pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta anu aya tuluy di analisis (Ratna dina Rahmat spk., 2019, kc. 94). Panalungtik ngadéskripsikeun hasil dina wangun informasi. Éta metodé déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun prinsip gawé bareng jeung sipat omongan anu kapanggih dina kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna.

Saluyu jeung desain di luhur, disusun léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan, nyaéta: (1) néang, manggihan, jeung maluruh ngeunaan prinsip gawé bareng jeung sipat omongan nu bakal ditalungtik; (2) Ngumpulkeun data tina objék nu ditalungtik, ngagunakeun kartu data salaku instrumén panalungtikan; (3) Data dipasing-pasing dumasar kana rumusan masalah; (4) Nganalisis data nu geus aya; (5) Ngadéskripsikeun data dumasar kana maksim gawé bareng, ngukuhan atawa ngarempak prinsip gawé bareng, tur sipat omongananna; jeung (6) Nyieun kacindekan dumasar kana hasil panalungtikan.

Dumasar kana déskripsi ngeunaan pamarekan kualitatif jeung métode déskriptif anu digunakeun tuluy léngkah-léngkah anu geus disusun, ieu panalungtikan didesain saperti ieu bagan di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta paguneman atawa omongan para palaku dina ieu buku kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna, anu ngawengku prinsip gawé bareng nu diwincik dumasar kana opat maksim gawé bareng, paguneman tadi bisa ngarempak atawa ngukuhan, tuluy ngadéskripsikeun sipat omonganana.

Sumber data dina panalungtikan kualitatif nyaéta mangrupa kekecapan atawa polah jalma, sumber data tambahan anu asalana tina sumber tinulis nyaéta aya buku, majalah, arsip, dokumen pribadi, jeung dokumen resmi (Moleong dina Rijali, 2018, kc. 86). Dumasar kana pamadegan tadi, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna, anu medal taun 1985, citakan kadua medal taun 2020. Pamedal ieu buku kumpulan carpon nyaéta PT Kiblat Buku Utama, Bandung. Kandel ieu buku nyaéta 105 kaca, ukuranna 20,8 cm x 14,5 cm. Dina ieu buku aya salapan judul carpon, nyaéta:

- 1) Kalangkang Budah (KB)
- 2) Stop! Stop! Stop! (SSS)
- 3) Gonjang-Ganjing (GG)
- 4) Burak-Barik (BB)
- 5) Aswatamakurda (A)
- 6) Purwadiksi (P)
- 7) Murang-Maring (MM)
- 8) Panjang-Punjung (PP)
- 9) Gual-Guil (GIGI)

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta hiji alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan sangkan leuwih gampang sarta hasil dina panalungtikan bisa dikokolakeun sacara lengkep, cermat, jeung sistematis (Miftah, 2018, kc. 107). Dina ieu panalungtikan instrumén anu digunakeun nyaéta kartu data digital.

Ieu kartu kata digunakeun sangkan bisa ngagampangkeun panalungtik dina proses nganalisis jeung ngolah data. Panalungtik ngagunakeun ieu kartu data ku cara néangan paguneman dina kumpulan carpon *Murang-maring* tuluy disalin kana

kartu data saanggeus kitu dianalisis dumasar kana maksim gawé bareng, ngukuhan atawa ngarempak, jeung ngaanalisis sipat omonganna. Dina data paguneman dilengkepan ku kode anu nerangkeun judul buku, judul carpon, jeung kaca buku. Kartu data digital anu digunakeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Kartu Data

No. Data: 001		Kode Data: MM/KB/15.5-8			
Sangkuriang: “Sétan! Kaluar Siah! Aing hayang neuleu beungeut silaing! Montong kalah tetembangan kawas bikang. Siah! Najan balad sia loba, tapi aing moal undur!”					
Oidipus: “Can waktuna Sangkuriang!”					
Maksim Gawe Bareng		J(K)	I (K)	K(R)	C
Sipat		L		TL	
Omongan		001a	✓		
		001b	✓		

Keterangan:

001 : Paguneman 001

MM : Judul kumpulan carpon nyaéta *Murang-maring*

KB : Judul carpon dina kumpulan carpon, nyaéta *Kalangkang Budah*

15.5-8 : Paguneman aya dina kaca 15, kalimah ka-5 nepi ka-8

J(K) = Maksim Jumlah (*Kualitas*)

I(K) = Maksim Inajén (*Kuantitas*)

K(R) = Maksim Kasaluyuan (*Relevansi*)

C = Maksim Cara

001a : Paguneman 001, omongan ka-1

001b : Paguneman 001, omongan ka-2

L : Langsung

TL : Teu Langsung

Dumasar kana kartu data, tuluy disusun runtuyan data saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Data anu Ngawengku Prinsip Gawe Bareng

Kartu Data		
No Data	Kode Data	Data
001	MM/KB/15.5-8	Sangkuriang: “Sétan! Kaluar Siah! Aing hayang neuleu beungeut silaing! Montong kalah tetembangan kawas bikang. Siah! Najan balad sia loba, tapi aing moal undur!”

Disti Yunisha Mauldhini, 2022

PRINSIP GAWÉ BARENG JEUNG SIPAT OMONGAN

DINA KUMPULAN CARPON MURANG-MARING KARYA GODI SUWARNA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kartu Data		
No Data	Kode Data	Data
		Oidipus: “Can waktuna Sangkuriang!”

Dumasar kana runtuyan data, tuluy disusun format analisis data ngeunaan maksim gawé bareng saperti ieu di handap.

Tabél 3.3
Prinsip Gawe Bareng

No. Data	Data	Prinsip Gawé Bareng				NR	NG
		J(K)	I(K)	K(R)	C		
001	Sangkuriang: “Sétan! Kaluar Siah! Aing hayang neuleu beungeut silaing! Montong kalah tetembangan kawas bikang. Siah! Najan balad sia loba, tapi aing moal undur!” Oidipus: “Can waktuna Sangkuriang!” (MM/KB/15.5-8)			✓			✓

Keterangan:

NR : Ngarempak

NG : Ngukuhan

Dumasar kana runtuyan data maksim gaw bareng, tuluy disusun format analisis data ngeunaan sipat omongan saperti ieu di handap.

Tabél 3.4
Sipat Omongan

No. Data	Data	Sipat	
		L	TL
001	a. Sangkuriang: “Sétan! Kaluar Siah! Aing hayang neuleu beungeut silaing! Montong kalah tetembangan kawas	✓	

No. Data	Data	Sipat	
		L	TL
	bikang. Siah! Najan balad sia loba, tapi aing moal undur!”		
	b. Oidipus: “Can waktuna Sangkuriang!”	✓	

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ulikan pustaka. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc 291) ulikan pustaka nyaéta ulikan anu patali jeung kajian tiorétis sarta référénsi lian, diantarana nyaéta ajén-anjén, budaya, jeung norma nu aya dina kamekaran hiji lingkungan masarakat anu ditalungtik. Ulikan pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun bahan-bahan anu patali jeung panalungtikan, contona jurnal-jurnal ilmiah, literatur-literatur ilmiah, jeung panulis (Moto, 2019, kc. 24). Dina ieu panalungtikan ulikan pustaka digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data tina buku kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarana anu mangrupa paguneman, kalawan léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data di handap ieu:

- 1) Maca nepi ka bérés buku kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna.
- 2) Méré tanda kana paguneman dina buku anu kaasup kana prinsip gawé bareng.
- 3) Ngaidéntifikasi prinsip gawé bareng tuluy sipat omonganna
- 4) Nyalin data paguneman anu kapanggih dina sumber data.
- 5) Nyalin data paguneman atawa omongan anu geus iidéntifikasi tadi kana kartu data.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 244) téhnik ngolah atawa analisis data nyaéta proses pikeun néangan jeung nyusun data kalawan sistematis, data anu dimeunangkeun bisa tina wawancara, catatan lapangan, jeung dokumentasi, ku cara ngaorganisasikeun data kana katégori-katégori, unit-unit. Ngalakukeun sintesa, nyusun kana pola, jeung nyieun kacindekan anu bisa dipikaharti ku sorangan jeung nu maca. Sanggeus data wangun omongan bisa kakumpulkeun, tuluy diolah maké

téhnik analisis unsur langsung. Ari léngkah-léngkah analisis datana saperti ieu di handap.

- 1) Niténan deui data wangun omongan nu geus dikumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data wangun omongan dumasar kana (a) prinsip gawé bareng jeung (b) sipat omonganana.
- 3) Nganalisis data wangun omongan dumasar kana dumasar kana (a) prinsip gawé bareng jeung (b) sipat omonganana.
- 4) Ngadéskrupsikeun data wangun omongan dumasar kana dumasar kana (a) prinsip gawé bareng jeung (b) sipat omonganana.
- 5) Napsirkeun data data wangun omongan dumasar kana (a) prinsip gawé bareng jeung (b) sipat omonganana.
- 6) Nyusun kacindekan dumasar kana hasil panalungtikan.